



ENFOMASYON SOU SANTE KOMINOTE
Boston Public Health Commission
Communicable Disease Control Division
1010 Massachusetts Avenue
Boston, MA 02118
Phone: 617-534-5611 Fax: 617-534-5905

Enfeksyon Salmonèl

Ki sa Salmonèl ye?

Salmonèl se yon gèm (bakteri) yo rele Samonella. Li koze maladi enfektyez nan entesten (vant) moun avèk bèt. Gen anpil kalite Samonèl.

Kijan moun atrape Salmonèl?

Lè yon moun manje aliman ki ba byen kwit e ki kontamine avèk Salmonèl, gèm sa a al chita nan entesten (vant) yo. Men kèk nan manje ki ka kontamine pi fasil avèk Salmonèl: Ze, pwodwi ki fèt ak Ze, viann, volay, pwodwi ki fèt avèk lèt ki pa trete (sterilize). An general, nenpòt manje a ka vinn kontamine; yonn nan fason manje yo ka kontamine se lè yon moun ki enfekte ak Samonèl touché manje san li pa lave men-l. Nan manje ki byen kwit, chalè touye gèm Samonèl. Poul, chen, chat ak lòt bèt domestik ka transmèt gèm Salmonèl la tou.

Ki sentòm malady sa a?

Moun ki kontaminé ak gèm (bakteri) sa a ka devlope kranp nan lestomak li, diarhe (avèk ti san), fyèv, noze (kè chaje) e menm vomisman. Odinèman, Sentòm yo komanse ant 6 a 48 è aprè enfeksyon.

Kijan yon moun rive konnen li gen Salmonèl?

Doktè-w ou byen lopital ka voye-w fè yon egzamen matyè fekal. Laboratwa kote-w ale fè yon depistaj pou bakteri yo rele Salmonèl la.

Ki tretman ki genyen kont Salmonèl?

Majorite moun ki enfekte ka retabli pou kont yo (san medikaman), men yo ka beswen bwa anpil likid pou yo pa vinn dezidrate. Moun (tankou ti moun, gran moun age, ou moun ki gen system iminitè fèb) ki pa rive konbat enfeksyon Salmonèl an pou kont yo ka pran antibiyotik.

Ki prevansyon m-ka fè kont Salmonella?

1. Lè yon moun ap fè manje ki gen Ze kri, volay (poul), viann bèf, viann koshon, li rekmande pou li met nan tè li ke prodwi sa yo ka kontaminée. Konsa, men prekosyon li ta dwe pran:
 - Lave men-l souvan
 - Tout sa moun nan itilize nan prepare manje a (kouto, kiyè, planche, vessel, asièt) ta dwe lave imediatman ak dlo e savon pou evite pwopaje gèm nan
 - Pa pwopaje gèm malady a. Tout pwodwi ki poko kwit, mete yo yon kote pou kont yo, pa mete yo menm kote ak manje ki déjà prepare.
 - Si-w finn manje, gen rèz ki rete, mete-l man frijidè imediatman
 - Fikse bouton frijidé-w a 40 degree ou pi ba ke sa, e fikse freezer-w a zero degree ou pi ba
2. Pa manje ze kri ou ki pa byen kwit, evite tout manje ki gen ze nan yo e ki pa byen kwit. Pa bwa lèt ki pa trete ou sterilize
3. Pran swen pou lave men-w avèk dlo e savon:
 - Avan-w prepare manje
 - Aprè-w finn fè manje

Kontinué

- Aprè wo itilize twalèt
- Aprè-w finn jwe avèk bèt

Ki sa pou-m fè ki gen Salmonèl?

Majorite moun ki enfekte ka tounen travay ou al lekòl apre diarhe a sispann, men fòk yo kontinye lave men yo ak dlo e savon chak fwa yo itilize twalèt. Sonje byen, yon moun ki gen gèm Samonella a, menm si li santi-l byen, li ka pase-l bay yon lòt moun. Pou tèt sa, e pou pwoteje public la an general, moun ki travay nan retoran (ki prepare manje pou lòt moun), ou ki travay nan lopital (ki bay swen santé), yo sipose jwen pèmasyon nan depatman santé piblik avn yo reprann travay yo.

Pou plis enfòmasyon, souple kontakte

**Depatman Sante Piblik pou vil Bosotn an (Biro sou Kontrol Maladi kontajies)
(Boston Public Health Commssion, Communicable Disease Control)**

Tel.: 617-534-5611; ou al sou sit entènèt: www.bphc.org